

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prak-prakan panalungtikan nepi ka patalékan-patalékan nu aya bisa kajawab.

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Pamadegan tadi saluyu jeung pamadegan Arikunto (2006:150), anu ngécéskeun yén métode dina ieu panalungtikan dihartikeun minangka cara-cara nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode deskriptif. Métode deskriptif, mangrupikeun hiji métode anu dipaké pikeun ngaréngsékeun hiji masalah nu aktual nalika lumangsungna panalungtikan. Ku kituna, panalungtikan déskriptif ngabogaan fungsi pikeun ngaréngsékeun masalah praktis anu aya di lapangan. Pedaran tadi luyu jeung pamadegan Sutedi (2009:58), anu ngébréhkeun yén métode deskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngagambarkeun, ngajabarkeun hiji fénoména nu keur lumangsung ku cara ngagunakeun prosedur ilmiah pikeun ngajawab masalah sacara aktual.

Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah diantarana waé: (1) maca naskah drama karangan siswa, (2) nyirian kalimah pananya, (3) nyalin kalimah

pananya, (4) ngolah data kalimah pananya, (5) ngadéskripsikeun data, jeung (6) nyieun kacindekan. Katitén dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta subjek ti mana data bisa dimeunangkeun (Arikunto,2006:129). Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA Sindangkasih taun ajaran 2010/2011. Sumber data ditentukan menggunakan metode random, yaitu kelas XII IPA yang berjumlah 27 siswa (27 karangan).

Sumber data anu ditangtukeun nya éta sakabéh kalimah pananya minangka populasi. Sakabéh populasi dijadikeun sampel. Ku kituna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.

3.3 Wangenan Operasional

Sangkan data gampang dianalisisna, perlu diécéskeun heula sababaraha istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Éta istilah téh kapragmatikan kalimah pananya nya éta anu ngawengku adegan pragmatis, ma'na pragmatis, tahapan pragmatis, jeung naskah drama.

- a. Adegan pragmatis kalimah pananya nya éta wangunan nu ngéntépseureuh nu ngulik patalina ma'na jeung kontéks tutur, anu gunana pikeun nanyakeun hiji hal ka jalma lian tur miboga harepan dijawab ku batur, dialog nu dipagelarkeun ku pamaén dina hiji sandiwara. Ku kituna, dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih taun ajaran 2010/2011, bisa dipidangkeun adegan pragmatis dumasar kana adegan, ma'na, tur tahapan kapragmatikan.

- b. Naskah drama nya éta hiji karangan tinulis nu eusina dialog nu dipentaskeun ku pamaén dina hiji sandiwara. Aya ogé naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010/2011.
- c. SMA Negeri 1 Sindangkasih nya éta SMA nu aya di Jl.Raya Sindangkasih Kabupatén Ciamis 46261.

Jadi, anu dimaksud adegan pragmatis kalimah pananya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010-2011 nya éta nalungtik adegan pragmatis anu ngawengku adegan, ma'na, jeung tahapan pragmatis kalimah pananya anu aya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih taun ajaran 2010/2011.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Margono (2009:155) instrumén mangrupa pakakas ngumpulkeun data nu kudu bener-bener dirancang sarta dijieun ku sababaraha cara, nepi ka bisa ngahasilkeun data empiris luyu jeung kaayaan nu sabenerna.

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés jeung kartu data.

3.4.1 Lambaran Tés

Lembar tés dina ieu panalungtikan téh pikeun ngumpulkeun naskah drama karangan siswa, anu jumlahna 27 naskah drama.

Saméméh ngalaksanakeun tés, siswa dibéré conto naskah drama anu judulna “Étika Tuang”. Éta naskah drama dijerona aya kalimah pananya. Tuluy siswa dititah nyieun naskah drama anu dijerona tangtu waé aya kalimah pananya. Topikna bébas.

3.4.2 Kartu Data

Saréngséna nyieun naskah drama, tuluy maké sistem kartu data. Hal éta sangkan data leuwih gampang diolah sacara daria tur taliti, lengkep, jeung sistematis. Di handap aya conto kartu datana.

Conto kartu data:

| | |
|----|---|
| 01 | |
| | KARTU DATA |
| U | |
| | Urang dimana ayeuna? (N/01/01) |
| | Adegan Pragmatis : Kal Pany → C + Kp + C + Tand Pany |
| | Ma'na Pragmatis : Pananya nu ngabogaan ma'na pragmatis tempat |
| | Tahapan Pragmatis : Ragam loma |

Dina kartu dipidangkeun (a) nomer paguneman, (b) kode kalimah pananya, (c) kalimah pananya nu dicutat, (d) sumber cutatan (judul naskah drama, kode naskah drama, jeung nomer kalimah pananya). Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku jalan nyalin jeung mindahkeun sakabéh kalimah paréntah anu kapanggih tina naskah drama.

3.5 Latar Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan ieu dilakukan di SMAN 1 Sindangkasih, Jl. Raya Sindangkasih Kabupatén Ciamis 46261 . Subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa SMAN 1 Sindangkasih kabupatén Ciamis kelas XII IPA taun ajaran 2010-2011 anu dipilih sacara acak (random). Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta kelas XII IPA 1 nu jumlahna 27 siswa. Data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupatén Ciamis taun ajaran 2010-2011. Waktu ieu panalungtikan dilakukan kurang leuwih dua minggu nya éta bulan April, anu kaunggel dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2

Waktu Panalungtikan

| No. | Panalungtikan | Tanggal |
|-----|---|---------------|
| 1. | Nerangkeun prak-prakan panalungtikan, nu dituluykeun nyieun rarancang naskah drama. | 11 April 2011 |
| 2. | Nyieun naskah drama | 12 april 2011 |

3.6 Téhnik jeung Prosedur Ngumpulkeun Data

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nya éta sawatara tarékah nu dipilampah dina hiji panalungtikan. Margono (2009:181) mertélakeun yén téhnik studi dokumentasi atawa téknik dokumenter nya éta cara ngumpulkeun data ngaliwatan titinggal tinulis, saperti arsip-arsip jeung kaasup ogé buku-buku ngeunaan sawangan, teori, dalil atawa hukum, jeung sajabana nu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik. Téknik analisis téks dipaké alatan sumber data aya dina wangun tinulis, pikeun ngolah data nu patali jeung déskripsi kalimah pananya.

Ali (1982:77) nétélakeun téhnik ngumpulkeun data atawa pakakas panalungtikan ditetepkeun dumasar kana metode nu dipaké.

Téhnik panalungtikan nu dipaké nya éta téhnik studi dokuméntasi jeung téhnik analisis téks. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun meunangkeun informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data. Téhnik analisis téks dipaké sabab sumber data mangrupa data tinulis.

Téhnik studi dokumentasi sarta analisis téks dipaké pikeun nalaah adegan pragmatis kalimah pananya data nu aya dina kumpulan naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis taun ajaran 2010-2011.

3.6.2 Prosedur Ngumpulkeun Data

Aya sawatara prak-prakan dina ngumpulkeun data, nya éta:

- a) Nangtukeun sumber data nu aya dina ragam tinulis basa Sunda nya éta naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis taun ajaran 2010-2011.
- b) Maca naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis taun ajaran 2010-2011.
- c) Nyirian kalimah pananya nu aya dina naskah drama Sunda karangan siswa kelas XII IPA SMAN 1 Sindangkasih Kabupaten Ciamis taun ajaran 2010-2011.
- d) Nyalin kalimah pananya nu geus dicirian kana kartu data.
- e) Nyusun kartu data sacara alfabetis.
- f) Nalaah kalimah pananya dumasar kana adegan, ma'na, sarta tahapan pragmatis.
- g) Nyieun papasingan kalimah pananya dumasar kana adegan, ma'na, sarta tahapan pragmatisna.
- h) Ngitung jumlah kalimah pananya.

3.7 Téhnik jeung Prosedur Ngolah Data

Ali (1982:77) mertélakeun yén padika ngolah data nu dipasualkeun dina rarancang panalungtikan nya éta ngeunaan léngkah nu dipilamapah dina ngolah

data atawa nguji hipotesis, sarta kumaha téhnik nu dipaké. Dina tahapan ngolah data, nu jadi puseur garapanana ny aéta:

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah pananya anu geus disusun sacara *alfabetis*.
- 2) Nganalisis kalimah pananya numutkeun tata basa pragmatik.
- 3) Ngadéskripsikeun data pragmatis kalimah pananya nu geus dianalisis.
- 4) Mariksa deui sakabéh data nu geus dianalisis.
- 5) Nyieun kacindekan.

